



## Lang kreyòl la se gadyen eritaj kiltirèl nou !

« Lang kreyòl la se gadyen eritaj kiltirèl nou », se tèm Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) chwazi pou li selebre mwa Lang ak Kilti Kreyòl 2020 an.

Tèm sa a envite nou gade lang kreyòl ayisyen an nan fonksyon kiltirèl li. Kòm lang lan genyen plizyè dimansyon, Akademi an chwazi, ane sa a, montre kijan lang kreyòl ayisyen an rive jwe wòl gadyen nan konsèvasyon eritaj kiltirèl ayisyen an.

Ayiti nan yon sitiyasyon sosyolengwistik patikilye ki mande bon jan konpreyansyon pou abòde li. Akote reyalyite sila a, genyen yon evidans Akademi Kreyòl Ayisyen pa sispann montre. Tout **Ayisyen konprann epi pale yon grenn lang : kreyòl**. Se yon reyalyite sosyolojik. Lasyans lengwistik ak esperyans popilasyon an fè, montre nou yonn nan eleman ki pi enpòtan nan kilti yon pèp, se lang li. Lang lan gen plizyè fonksyon : anplis kominikasyon, ramasay konesans ak esperyans, li pèmèt transmisyon, difizyon ak konsèvasyon kilti peyi a.

Konsa, lang lan se motè kiltirèl ki konsène Ayisyen, yon rezèvwa wòdpòte ki ede nou konsève ak prezève sa n genyen kòm patrimwàn kiltirèl imateryèl. Soti nan resèt kizin oubyen gastwonomi pase pran pwovèb yo ki se temwànyaj sajès nou kòm pèp, pase pran istwa kont nou yo san bliye divès chante popilè ki la depi digdantan rive nan konpa, se lang kreyòl la ki konsève yo epi pèmèt yo rive jwenn nou pou n rapousuiv transmisyon yo bay lòt jenerasyon.

Lang kreyòl la se veritab laboratwa ki ede pèp la pote epi valorize kilti li. Tout eritaj kiltirèl nou yo, blag yo, lodyans yo, tradisyon yo ak pratik kiltirèl yo pase pa lang kreyòl jenerasyon apre jenerasyon. Jodi a menm, lang kreyòl se temwayaj eritaj sa nou ap benefisye nan pratik kiltirèl nou kòm pèp. Nan sans sa, lang kreyòl se achiv nou, galata nou.

Eritaj kiltirèl sa a manifeste nan tout lavi popilasyon an : relijyon, abiman, manje, literati ... men, yonn nan kote li pi byen chita nan konsève kilti ayisyen an se nan mizik ; Konpa, Vodou (sa nou rele mizik Rasin nan), Bolewo, Twoubadou, elatriye. Konsta a klè, majorite mizik nou yo se an kreyòl mizisyen yo konpoze yo. Nan sans sa a, tout sa pèp la viv yo nan kotidyen li. Se nan mòd mizik sa a popilasyon an wè lavi, tout sa li genyen kòm filozofi ak reprezantasyon sosyal. Se nan lang sa a atis yo rive tradui reyalyite ki sizonnen yo e ki ba yo enspirasyon pou konpozisyon mizikal yo.

Zèv mizikal ayisyen pèmèt lang kreyòl rive byen lwen, menm kote atis yo pa ka rive. Jounen jodi, se pa ni yonn ni de koral entènasyonal ki ap entèprete chante kreyòl. Chante kreyòl sèvi kòpis nan ansèyman lang kreyòl nan milye inivèsité entènasyonal kote akote lang nan, etidyan etranje ap benyen nan kilti ayisyen, jouk yo mande vizite Ayiti, jouk yo ekri memwa lisans yo nan lang kreyòl. Ki fè la a, lang kreyòl ayisyen an, se pi gwo gadyen eritaj kiltirèl pèp ayisyen an. Sosyete a dwe kontinye renmen li, pwoteje li, valorize li, pwodui ladan li, travay li sou plan syantifik pou li devlope nan lòd ak disiplin selon prensip lasyans.

Lang eritaj kiltirèl ayisyen an se lang ofisyèl peyi a. Konstitisyon peyi a mande pou li nan tout aksyon nasyonal, pou li sèvi nan piblikasyon tout dokiman ofisèl peyi a.

**Lang yon pèp se premye idantite kiltirèl li ! Kilti yon pèp se fòs ki bay lavi li sans !**

## Kalandriye aktivite Mwa Lang ak Kilti Kreyòl, oktòb 2020

**Tèm : Lang Kreyòl la se gadyen eritaj kiltirèl nou !**

Dat ak lè	Aktivite	Sijè / Entèvenan	Espas
Jedi 1e oktòb 10 <sup>è</sup> AM	Konferans pou laprès : Lansman mwa lang ak kilti kreyòl	Prezantasyon Tèm Mwa kreyòl 2020 an / Mesaj Prezidan KAD la / Kalandriye aktivite Selebrasyon an	Biwo Akademi Kreyòl Ayisyen
Dimanch 11 oktòb 11 <sup>è</sup> AM	Konferans – Deba Entèvenan: Akademisyen Guy G. MENARD	Tèm : <i>Angajman sosyal ak revandikasyon popilè nan zèv Felix Morisseau LEROY.</i>	Anba Zanmann / Café Philo
Mèkredi 14 oktòb 1 <sup>è</sup> PM	Kozri avèk Akademisyen Pauris JEAN BAPTISTE	Rankont Kozri avèk Akademisyen Pauris JEAN- BAPTISTE sou pwodiksyon literè li ak sou Vizyon, pwojè, santiman..	Direction Nationale du Livre (DNL)
Jedi 15 oktòb 1 <sup>è</sup> PM	Gwoup Echanj / Deba sou Zoom	Tèm: Literati kreyòl ayisyen: istwa, evolisyon, sitiyasyon avèk C. CHARLES, M A. HYPPOLYTE, J R. PLACIDE	Nan AKA / Espas vityèl (Zoom) ak Paj Facebook AKA
Mèkredi 21 oktòb 1 <sup>è</sup> PM	Konferans avèk Akademisyen Rochambeau LAINY	Tèm : <i>Analoji nan emèjans lang kreyòl</i> Entèvenan : Akademisyen Rochambeau LAINY	Nan AKA / Espas vityèl (Zoom) ak Paj Facebook AKA
Lendi 26 oktòb 9 <sup>è</sup> AM	Rankont literè / kozri ak moun Laskayobas	Tèm: <i>Ekri nan lang kreyòl</i> Entèvenan: Akademisyen Pierre Michel CHÉRY	Sant Kiltirèl Lawouze (Laskawobas)
Chak samdi, pandan mwa oktòb la nan dyaspora a	Aktivite akademik ak kiltirèl nan Boston, Miyami, Wachinton, Monreyal, Nouyòk ...	Konferans deba / Atelye lekti ak ekriti / Atelye sou ansèyman kreyòl / Atelye sou òtograf kreyòl / Animasyon kiltirèl / Chiktay kiltirèl (ak kolaborasyon Kreyolis, Akademisyen ak Konseye Konsiltstif AKA)	Sant N a Rive Monreyal (Kanada) MWA KREYÒL 2020 NAN MASSACHUSETTS (USA) Sou tele-vizyon (Nan Kanpe Lwen)
Mèkredi 28 oktòb 10 <sup>è</sup> AM	Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl	Seremoni ofisyèl: Diskou ofisyèl / Aktivite kiltirèl / Remiz Plak Onè ..	Oditoryòm Meri Dèlma

@ Direksyon Kominikasyon